



## **Dènnye Nouvèl sou Imigrasyon: Tribinal Anlè Etazini-a sou Pwogram Aksyon Ranvwaye pou Rive Ti-Moun « DACA »**

18 Jwen 2020, Tribinal Anlè Etazini-a di ke fèmèn pwogram Aksyon Ranvwaye pou Rive Ti-Moun ke Administrasyon Trump fè an 2017 pat legal, sa pèmèt preske 800.000 manm komonote ki te gen dokiman « DACA », 45.000 ladan yo nan Nou Yòk, ki rele Etazini Amérik lakay yo respire yon soulajman nan konnen pwogram lan pa elimine e l-ap kontinye mache.

### **Kisa desizyon-an vle di?**

- Desizyon Tribinal Anlè-a espesifikman pa dakò ak jan administrasyon Trump lan fèmèn pwogram la an 2017. Tribinal lan di jan yo fèmèn pwogram la pa nòminal. Li pa di « DACA » legal ou yon bon politik?
- Desizyon Tribinal Anlè-a vle di fò yo retabli pwogram lan konplètman, sav le di moun k-ap aplike pou premye fwa gen dwa fè sa. Li pa klè kilè « United States Citizenship and Immigration Services « USCIS » va konmanse pran aplikasyon tou nèf. Moun ki gen «DACA» kounye-a kontinye kapab renouvle-l pou de zan ankò.
- Li posib ke «Advance Parole» ka pèmèt ankò moun ki gen « DACA » vwayaje soti Etazini epi tounen. Sepandan, detay sou sa poko klè, plis efè potansyèl epidemi « COVID-19 » ka limite posibilite vwayaje.
- Tout moun ki elijib pou « DACA » bezwen konsilte moun ki bay sèvis legal pou enfòmasyon kijan pou aplike premye fwa, renouvle « DACA » ki nan men yo plis ou byen egzamine si yo elijib pou lòt opsyon imigrasyon pi definitiv.

Desizyon sa se yon pakèt viktwa pou kominote imigran nou yo ak alye yo ki te mobilize pou pwoteje pwogram « DACA ». Sepandan, li enpòtan pou kenbe nan tèt nou ke administrasyon Trump lan kapab eseye ankò pou fèmèn pwogram la lòt jan e se sèlman lwa Kongrè-a ki kapab bay manm kominote ki gen « DACA » yon kondisyon pèmanan nan Etazini.

Nou va kontinye mete dènnye enfòmasyon nan « website »nou lè yo soti.

Pou fè yon randevou ak «Catholic Migration Services »pou asistans legal gratis pou « DACA » ou renouvèlman, rele nou nan (718) 236-3000 (Biwo Brooklyn) ou (347) 472-3500 (Biwo Queens).



*This project was made possible in part by a grant from The New York Bar Foundation.*